



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**SENK MWA APRE LI TE ANONSE MEZI EGZEKITIF SOLID SOU LOJMAN,
GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE POU OGMANTE
REZÈV LOJMAN ATRAVÈ NEW YORK**

Pwogram pou akselere devlopman lojman nan Gowanus te resevwa 19 aplikasyon – ki ta ka pwodui jiska 5,500 inite lojman, enkli lojman abòdab

Gouvènè a kontinye mennen efò pou konvèti sit eta yo an lojman – sa enkli pwopozisyon pou transfòme ansyen etablisman koreksyonèl Lincoln la an devlopman ki gen 105 inite ak plan pou debloke plis pase 2,800 inite lojman nan Sant Sikyatrik Creedmoor a

Gouvènè a jodia ap anonse finansman pou konstwi ak prezève plis pase 1,500 kay atravè New York

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè ki te reyalize atravè Mezi Egzekitif li te anonse depi senk mwa jodi a pou adrese kriz lojman New York la epi ogmante rezèv lojman an. Gouvènè Hochul te anonse tou plis pase 430 milyon dola nan bon ak sibvansyon pou ede elaji rezèv lojman an, pou kreye plis pase 1,500 kay atravè New York.

"Mank lojman nan New York se yon kriz ijan, epi nou pa ka oze tann solisyon lejislatif yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Senk mwa de sa, mwen te pran Mezi Egzekitif pou ankouraje kwasans lojman, epi n ap fè pwogrè reyèl pou ogmante rezèv lojman atravè New York. Jiskaske Lejislati a pare pou l retounen sou tab la ak yon plan reyèl pou ogmante rezèv lojman, m ap kontinye goumen pou Nouyòkè yo itilize tout zouti mwen genyen kòm Gouvènè."

Kwasans Lojman Gowanus

Kòm yon pati nan yon pake Mezi Egzekitif pou ankouraje kwasans lojman, Gouvènè Hochul te anonse yon pwogram ki vize pou sible benefis presi ak obligasyon lojman ki ale nan menm sans ak ansyen pwogram 421-a a pou pwopozisyon devlopman yo ki soti nan pwogram ki ekspire aktyèlman an nan katye Gowanus la nan Brooklyn. Pwogram nan, ki ap sipèvize pa Empire State Development, depi lè sa a te resevwa 19 aplikasyon pou 19 sit pwojè endividyèl, ki kapab pwodui jiska 5,500 inite total, ki gen ladan jiska 1,400 inite abòdab. ESD pral anonse apwobasyon pwojè yo nan ete 2024 la.

Reutilizasyon teren eta a pou lojman

Pakè Mezi Egzekitif Gouvènè Hochul la te gen ladan tou yon manda ki te mande tout antite Eta yo pou yo revize tè ki an pwopriyete ak kontwòl yo pou detèmine si sit yo ta ka itilize swa pou devlopman lojman oswa pou sipòte devlopman lojman ki toupre yo. Depi li te bay manda a, Gouvènè a te devwale yon pwopozisyon pou transfòme ansyen Sant Koreksyon Lincoln la nan Manhattan an yon devlopman pou itilizasyon miks ak 105 inite lojman, ansanm ak Plan Direktè Kominotè Creedmoor a pou re-imaginer Sant Sikyatrik Creedmoor nan Eastern Queens kòm yon plan kominote vibran ak plis pase 2,800 inite lojman.

Gouvènè a te fè demann tou pou pwopozisyon pou redevlope ansyen Etablisman Koreksyonèl Bayview a nan Manhattan ak ansyen Etablisman Koreksyonèl nan Anba Lavil Fishkill ak yon anfas sou lojman.

Nouvo finansman pou plis pase 1,500 kay

Gouvènè Hochul te anonse tou ke yo te atribye plis pase 433 milyon dola atravè bon ak sibvansyon pou kreye oswa prezève 1,530 kay atravè Eta New York, ki gen ladan lojman abòdab, ki bay sipò, ak dirab. Envestisman sa a pral elaji ak pwoteje rezèv lojman atravè dis devlopman nan Vil New York, Hudson Valley, Southern Tier, ak Rejyon Lwès New York. Pwojè yo enkli konvèsyon Otèl JFK Hilton lan nan Queens an 318 kay sipò abòdab, premye pwojè konvèsyon otèl New York atravè Lwa Loje Vwazen Nou yo ak Diyite (Housing Our Neighbors With Dignity Act) ki pèmèt espas komèsyal ak otèl ki pa itilize ase yo ka konvèti an itilizasyon rezidansyèl.

Yo bay finansman an atravè emisyon obligasyon sezon Oktòb 2023 Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki bay 131 milyon dola obligasyon pou lojman ki enpozab ak 302 milyon dola nan sibvansyon. Kat nan pwojè yo akòde yo pral sèvi ak plis pase 6 milyon dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative) la pou reyalize nivo pi wo toujou nan dirabilite ak rediksyon kabòn. Lè li makonnen avèk finansman ak resous prive adisyonèl, pwojè k ap resevwa finansman yo prevwa kreye plis pase 800 milyon dola nan envestisman jeneral.

Pwojè yo gen ladan yo:

New York City

47 milyon dola pou akizisyon ak re-itilizasyon adaptatif JFK Hilton Hotel la pou kreye 318 kay nan Queens. JFK Hilton Hotel la pral konvèti an Baisely Pond Residences, yon devlopman ak 318 apatman, ki gen ladan 191 ak sèvis sipò pou moun ki fè eksperyans ak sitiyaasyon sanzabri. Slate Property Group ak RiseBoro Community Partnership ap devlope ansanm Baisely Pond Residences.

128 milyon dola pou konstriksyon 322 kay nan Utica Crescent nan Brooklyn. Yon pati nan pwojè Vital Brooklyn Initiative Eta a, Utica Crescent pral yon etablisman ki fèk konstwi pou itilizasyon miks, ki gen de tou ki konekte ke y ap devlope nan yon ansyen pakin nan East Flatbush. Y ap mete katrevannèf apatman apa pou granmoun aje k ap

resevwa sèvis sipò nan men Catholic Charities Neighborhood Services (Sèvis Katye Òganizasyon Charitab Katolik). Devlopman ki trè efikas an enèji a pral gen ladan tou espas pou yon makèt, etablisman medikal, ak lòt sèvis kominotè. Utica Crescent ap ko-devlope pa Monadnock Development ak CB Emmanuel Realty.

57 milyon dola pou konstriksyon 109 kay nan devlopman Marcus Garvey Extension lan nan Brooklyn. Pwojè a enplike nouvo konstriksyon yon bilding uit etaj sou yon pakin ki pa itilize ase nan Marcus Garvey Apartments ki egziste deja. Y ap mete senkant-senk apatman sou kote pou granmoun ak fanmi kwonik ki san kay, ki pral resevwa sèvis sipò nan men Services for the UnderServed (Sèvis pou Moun ki pa Jwenn Ase Sèvis yo). Faz sa a nan devlopman Marcus Garvey Extension lan ap ko-devlope pa L+M Development Partners ak Services for the UnderServed.

51 milyon dola pou prezèvasyon 139 kay nan 753 Classon Avenue nan Brooklyn. Pwojè a pral reyabilite konsiderableman enteryè ak eksteryè yon devlopman Mitchell Lama ki gen 13 etaj nan Crown Heights, sak ap pwolonje dire lavi itil ak ogmante efikasite enèji bilding ki gen 55 ane a. Smith & Henzy Affordable Group ap devlope 753 Classon Avenue.

Mid-Hudson

15 milyon dola pou reyabilitasyon Cornerstone Residence pou prezève 128 kay nan Newburgh. Travay reyabilitasyon an pral siyifikativman amelyore ansyen otèl kat etaj la epi amelyore efikasite enèji li, sa ki pèmèt li kontinye itilize kòm lojman sipò. Safe Harbors of the Hudson ap devlope Cornerstone Residence.

Southern Tier

38 milyon pou akizisyon, re-itilizasyon adaptatif ak nouvo konstriksyon 111 kay nan Court Street Apartments nan Binghamton. Pwojè a pral reyitilize yon ansyen depo ak yon bilding biwo yon fason adaptif, sa ki pral kreye 80 nouvo apatman abòdab, epi li pral konstwi yon adisyon nan bilding ki deja egziste a, ki gen 31 apatman adisyonèl ki abòdab. Devlopman an pral gen ladan 60 apatman ak sèvis sipò pou veteran ki nan sitiyasyon sanzabri, moun ki gen twoub abi sibstans, ak moun ki gen maladi mantal grav. Court Street Apartments ap devlope pa Helio Health.

Lwès New York

23 milyon dola pou konstriksyon 147 kay nan Main Street Lofts nan Buffalo. Devlopman an gen ladan de nouvo konstriksyon yon bilding senk etaj ki gen 140 apatman ak de mezon devil ki gen sèt apatman sou yon ansyen sit endistriyèl anba lavil Buffalo. Pivotal ak Belmont Housing Resources ap devlope ansanm Main Street Lofts pou WNY.

23 milyon pou akizisyon ak reyabilitasyon 174 kay nan Francis John Apartments ak Frederick Douglass Towers nan Buffalo. Pwojè a detaye travay reyabilitasyon enteryè ak eksteryè, ki gen ladan ranplasman twati ak mezi efikasite enèji, nan de

devlopman lojman separe pou granmoun aje ak yon total de 174 apatman. Bridges Development ap devlope Francis John Apartments ak Frederick Douglass Towers.

36 milyon dola pou akizisyon ak re-itolizasyon adaptatif Harrison Place Lofts pou kreye 82 kay nan Lockport. Devlopman an pral lokalize nan yon bilding twa etaj ki vid nan ansyen konplèks faktori Harrison Radiator a epi kreye 82 nouvo apatman. Bilding lan, ki te fèmen depi 1987, yo te idantifye li kòm bildin ki pa itilize nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Lockport la epi li nan lis Rejis Nasyonal Kote Istorik yo (National Register of Historic Places) Kearney Realty & Development Group ap devlope Harrison Place Lofts.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Efò sa yo bati sou angajman Gouvènè Hochul pran pou l abòde kriz lojman New York la pou fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Gouvènè a te garanti envestisman istorik nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 la pou ede Nouyòkè yo fè fas ak ogmantasyon pri lojman an, ki gen ladan 391 milyon dola nan asistans pou lokasyon pou elaji Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) New York la pou kouvri lokatè adisyonèl ak fanmi yo – ki gen ladan NYCHA ak lòt rezidan lojman piblik; 50 milyon dola pou sèvis legal pou lokatè; finansman pou yon nouvo biwo Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) nan lòt Eta New York; 50 milyon dola pou yon Fon Estabilizasyon Pwopriyetè Kay (Homeowner Stabilization Fund) pou finanse reparasyon kay nan 10 kominote atravè eta a ke yo te idantifye ki genyen gwo kantite pwopriyetè koulè ki gen revni ba ak detrès pwopriyetè kay; epi 40 milyon dola pou Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Kay (Homeowner Protection Program) la pou finanse plizyè douzèn òganizasyon ki bay konsèy sou lojman ak sèvis legal san bi likratif atravè eta a pou ede pwopriyetè kay yo nan defo pèman ak nan ka sezi. Nan kad Bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab.

Gouvènè Hochul te siyen tou lejislasyon pou konstwi ak prezève lojman abòdab nan Vil New York lè li otorize Vil New York pou adopte yon nouvo pwogram reyabilite lojman abòdab pou ranplase ansyen pwogram J-51 an; bay Vil New York plis fleksibilite pou bay prè ak sibvansyon pou lojman abòdab ak lòt envestisman ki gen rapò; epi ogmante kapasite kosyon Kòporasyon pou Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation) la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)